***ОГЭ-м зыхудогъэхьэзыр***
***Подготовка к ОГЭ***
**(Методическое пособие)**

**Разработала**
**учитель кабардино-черкесского**
**языка и литературы**
**Назарова М.Х.**

## Аннотация

Здесь представлен документ проекта, определяющее содержание контрольно- измерительного материала основного государственного экзамена (ГИА или ОГЭ) по кабардинскому языку.

Содержится:

- кодификатор элементов содержания и требований к уровню подготовки обучающихся;
- спецификацию КИМа для проведения ОГЭ (ГИА) по кабардинскому языку;
- демонстрационный вариант для проведения в 2016 году ОГЭ (ГИА) в 9 классе.

В этом варианте представлена пошаговая система подготовки к сдаче ОГЭ по кабардинскому языку, в основе которой лежит знакомство с содержанием экзаменационных заданий, алгоритмами и образцами рассуждения для их правильного выполнения. Излагается необходимый теоретический материал, представленный в сжатой и оптимально структурированной форме. Предлагается логически выстроенная последовательность действий, необходимых для выбора правильного ответа, данная в виде алгоритмов. Рассматриваются типичные ошибки, которые допускаются при выполнении заданий части ГИА (сжатое изложение, тесты, сочинение). Содержится методические рекомендации по написанию сжатого изложения, сочинения на лингвистическую тему. Тестовый материал подобран в соответствии с представленным тренировочным вариантом. Пособие адресовано девятиклассникам, преподавателям и методистам.

| | |
|---|---|
| **1** | Часть 1<br>Сжатое изложение. |
| № теста | **Часть 2.** |
| **2** | Текст как речевое произведение. Смысловая и композиционная целостность текста. Анализ текста. |
| **3** | Выразительные средства лексики и фразеологии. Анализ средств выразительности. |
| **4** | Правописание приставок. Слитное, дефисное, раздельное написание. |
| **5** | Выразительное средство лексики |
| **6** | Синонимы |
| **7** | Словосочетание. |
| **8** | Предложение. Грамматическая (предикативная) основа предложения. Подлежащее и сказуемое как главные члены предложения. |
| **9** | Осложнённое простое предложение. |
| **10** | конструкциями, грамматически не связанными с членами предложения. |
| 11 | Грамматические основы предложения |
| **12** | Фразеологические обороты |
| **13** | Сложные предложения с различными видами связи. |
| **14** | Синтаксический анализ сложного предложения. |
| | Часть 3. |
| **15.1** | Сочинение на лингвистическую тему |
| **15.2** | Сочинение на понимание смысла текста. |
| **15.3** | Сочинение на понимание значения слова или тезиса. |

**ОГЭ Адыгэбзэ 9 класс**

***Лэжьыгъэр зэрагъэзащIэмкIэ хэзыгъэгъуазэ.***

*АдыгэбзэмкIэ экзаменнационнэ лэжьыгъэр гъэзэщIэным хухэхащ сыхьэтищрэ дакъикъэ тхущIрэ тхурэ. (дакъикъэ 235). Къызэрапщытэ лэжьыгъэр Iыхьищу зэхэлъщ.*

***Япэ Iыхьэм хохьэ 1 лэжьыгъэ*** *Мы Iыхьэм текст узэдэIуам ипкъ иткIэ тхыгъэ лэжьыгъэ кIэщI цIыкIу бгъэзэщIэн хуейщ (изложенэ гъэкIэщIа). тТкстым 2 едаIуэ. Лэжьыгъэр тхылъымпIэ напэ щхьэхуэм щыгъэзащIэ.*

***ЕтIуанэ Iыхьэм*** *текстым къеджи лэжьыгъэхэр 2-14-хэр гъэзащIэ. Лэжьыгъэ 2-14-хэр жэуап кIэщI зэтын хуей лэжьыгъэхэщ. Абыхэм я жэуапыр къэбгъэлъэгъуэн хуейщ псалъэкIэ е бжыгъэкIэ. Лэжьыгъэхэм я жэуапхэр экзаменнационнэ лэжьыгъэм щыптхын хуей щIыпIэм деж итхэ. Ущыуамэ, птхам еуэжи къыбгъурыту тхы.*

***Ещанэ Iыхьэр*** *зэрыбгъэзэщIэнур етIуанэ Iыхьэм укъызэджа текстыр къэбгъэсэбэпкIэрэщ. Лэжьыгъэр тхылъымпIэ напэ щхьэхуэм щыгъэзащIэ.*

*Экзаменнационнэ лэжьыгъэр щыбгъэзащIэкIэ, орфографическэ псалъалъэмрэ черновикымрэ къэбгъэсэбэп хъунущ, ауэ лэжьыгъэр къыщапщытэкIэ, черновикым итыр къалъытэжынукъым.*

*Лэжьыгъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу гъэзэщIамэ нэхъыфIщ, ауэ зи жэуапыр умыщIэ лэжьыгъэм зэман лей томыгъэкIуадэу къыкIэлъыкIуэр гъэзащIэ, зэман къыпхуэнэжмэ, пхуэмыщIам къытебгъэзэж хъунущ.*

*ЛэжьыгъэхэмкIэ къэпхьа баллхэр псори зэхалъхьэжынущ, нэхъыбэ бгъэзэщIэхукIэ уи балл бжыгъэми хэхъуэнущ, оценкэ нэхъыфIи къэпхьынущ.*

***ЕхъулIэныгъэ уиIэну!***

***I Iыхьэ.***

***Текстым едаIуи лэжьыгъэр тхылъымпIэ напэ щхьэхуэм щыгъэзащIэ. япэ щIыкIэ лэжьыгъэм и номерыр тхы, итIанэ текстыр нэхъ зэщIэкъуауэ къэIуэтэж.***

**I.** Текстым едаIуи изложенэ гъэкIэщIа тхы. ЗыгурыгъаIуэ, текстым и гупсысэ нэхъыщхьэр къэпIуэтэжыным къинэмыщIауэ**,** тхыгъэм къыщыIуэта мыхьэнэ зиIэ дэтхэнэ гупсысэри уи лэжьыгъэм къыхэбгъэщын хуейщ
Изложенэм и инагъыр псалъэ 70 нэхъ мащIэ хъун хуейкъым.
Изложенэр тхы IэкIуэлъакIуэу, хъэтI зэхэщIыкIыгъуэкIэ.

I.

## II Iыхьэ

**Текстым къеджи лэжьыгъэ 2-14 –хэр гъэзащIэ.**

1) Зауэм зэрыщIидзэрэ ди къуажэм нэгъуэщI фэ къытеуащ. (2) Ар щымщ, и уэрамхэр цIыхуншэщ. (3) Бгыпэм тет къуажэ клубым, япэм хуэдэу, пщыхьэщхьэкIэ пшынауэ макъ, Iэгуауэ макъ къыщыIужыркъым. 4) ПщэдджыжькIэ лэжьакIуэ кIуэуэ урохьэлIэ нысащIэхэм, сабий жэпхъахэм. (5) ЛIыжь-фызыжьхэри Iуэхуншэу щыскъым. (6) ЦIыкIуи ини нэхъ зэпIэзэрыт, нэхъ зэщIэкъуа хъуахэщ. (7) Абыхэм я псалъэр мащIэщ, щыпсалъэкIи гукъыдэжыншэхэщ. (8) Зауэр Iэ щIыIэкIэ къуажэм къызэрыхэIэбар уолъагъу.

(9) Зауэм къыщыщIидза япэ махуэхэм къуажэдэсхэр бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьащ, уеблэмэ абыхэм я пкъым нэхъ жаныгъэ зыгуэрым къыхилъхьауэ къыпфIэщIырт. (10) Ауэ зэман шынагъуэм и махуэ фIыцIэхэр нэхъ гъунэгъуу гурыму къэкIуэтэху, абы къихь лъапсэрыхым егупсысу цIыхухэм щIадзэ, абыкIэ зэгурыIуам хуэдэу, пщыхьэщхьэхэм деж ахэр къуажэ советыр зыщIэс унэм и пщIантIэм щызэхуосхэр. (11) Фронтым къикIыу къакIуэ письмохэм ярыт хъыбархэмкIэ зохъуажэхэр.

(12) МазитI зэхуакум дзэм хэтыну зи ныбжь ириубыдэр жылэм дашащ. (13) Иджы колхоз лэжьыгъэр фIы хъунуми Iей хъунуми зи пщэ дэхуэр цIыхубзхэрщ, лIыжь-фызыжьхэрщ, сабий жэпхъахэрщ. (14) Зи лъэ вакъэ изылъхьэр, яхузэфIэкI ящIэу, къуажэм щекIуэкI лэжьыгъэм хэтхэщ. (15) Мобы фыкIуэн хуейщ, мор влэжьын хуейщ жаIэу, япэм хуэдэу, хъыбар кърагъэщIэным зыри ежьэркъым, псори нэхущым бригадэ пщIантIэхэм щызэхуос, кърaтыну IэнатIэхэм пэплъэхэу.

(16) Зауэр екIуэкI пэтми, сэ сыщеджа къуажэ еджапIэр пщэдджыжьыкIуэрэ шэджэгъуакIуэрэ щыIэу мэлажьэ, пэжщ, егъэджакIуэ куэдхэр фронтым кIуащ, абы къыхэкIыуи, епщIанэ классхэм хэс еджакIуэ нэхъыжьхэр къыхашауэ пэщIэдзэ классхэм хэс сабийхэр ирырагъэгъаджэ. (17) Сыт пщIэн атIэ, «вы зимыIэм шкIэ щIещIэ» жыхуаIэращ. (18) Сэри епщIанэ классым сыкъыхашри а сызэреджэм хуэдэурэ етIуанэ классыр езгъэджэну си пщэ къыдалъхьащ. (19) Ди еджапIэм и директор дзэм яшам и пIэкIэ унафэщIу ягъэува, сэ урысыбзэмкIэ сезыгъэджа цIыхубзышхуэ Марие Алексеевнэм среджэри къызжеIэ: «КIуэ иджы, зэгъащIэ иджы тыншрэ гугъурэ егъэджакIуэм и IэщIагъэр».

(20) Зы пщыхьэщхьэ гуэрым еджапIэм сыкъикIыжауэ унэм сыкъыщрихьэлIэжащ повесткэ си цIэкIэ къахьауэ. (21) Повесткэм итт пщэдджыжьым сыхьэтийм деж гъуэмылэ, щыгъын хуабэ, крушкIэ, лошкIэ, шынакъ, бел сIыгъыу ди етIуанэ бригадэм секIуэлIэн хуейуэ.

(23) - Сыт мыгъуэу пIэрэ белкIэ уэ щIалэ цIынэм уагъэщIэнур, - жиIэурэ си анэм гъуэмылэ, щыгъын къыздэсщтэнухэр игъэхьэзыру щIедзэ.

(24) _ СщIэркъым, нанэ, - жызоIэ ар згъэудэIуу.

(26) Жэщыку нэсыху си анэм и псалъэмакъыр увыIакъым, Iэджэми я щхьэфэ иIэбащ, и Iуэху хэлъми хэмылъми къимыгъанэу.

**ЛэжьыгъэхэуВ 2-14-хэм я жэуапхэр къэгъэлъэгъуапхъэщ бжыгъэкIэ, псалъэкIэ, псалъэ зэпхакIэ, Лэжьыгъэхэм я жэуапхэр экзаменнационнэ лэжьыгъэр щыптхын хуей щIыпIэм деж итхэ.**

2

Сыт епщIанэ классым хэс еджакIуэхэм егъэджакIуэ къалэныр ягъэзэщIэн хуейуэ я пщэм къыщIыдалъхьар?

1. Къуажэм егъэджакIуэ зэрахуримыкъум къыхэкIкIэ.
2. ЕгъэджакIуэхэр псори щIытI ящIынум лэжьакIуэ кIуахэт.
3. ЕгъэджакIуэ куэд зауэм яшати, езыгъэджэн яхурикъужыртэкъым. НэгъуэщI щIыпIэ къикIа егъэджакIуэхэр къыздикIа школхэм кIуэжахэт.

Жэуапыр:___________________________

3

Эпитет зыхэт псалъэухар къэгъэлъагъуэ.

1. Бгыпэм тет къуажэ клубым, япэм хуэдэу, пщыхьэщхьэкIэ пшынауэ макъ, Iэгуауэ макъ къыщыIужыркъым.
2. Зауэм къыщыщIидза япэ махуэхэм къуажэдэсхэр бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьащ, уеблэмэ абыхэм я пкъым нэхъ жаныгъэ зыгуэрым къыхилъхьауэ къыпфIэщIырт.
3. Ауэ зэман шынагъуэм и махуэ фIыцIэхэр нэхъ гъунэгъуу гурыму къэкIуэтэху, абы къихь лъапсэрыхым егупсысу цIыхухэм щIадзэ, абыкIэ зэгурыIуам хуэдэу, пщыхьэщхьэхэм деж ахэр къуажэ советыр зыщIэс унэм и пщIантIэм щызэхуосхэр.
4. Фронтым къикIыу къакIуэ письмохэм ярыт хъыбархэмкIэ зохъуажэхэр.

Жэуапыр:___________________________

4

14-15 псалъэухахэм къыщыгъуэт щхьэ префиксхэм я тхыкIэр зыхуэдэр (макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъитI е макъ дэкIуашэ дэгуитI щызэбгъэдэувэр).

Жэуапыр:___________________________

5

16-19-нэ псалъэухахэм къыщыгъуэт псалъэжь зыхэт псалъэухар

Жэуапыр:___________________________

6

23-нэ псалъэухам хэт **«цIынэ»** псалъэр синоним къыхуэхъу псалъэкIэ зэфхъуэкI, а къэбгъуэта синонимыр тхы

Жэуапыр:___________________________

7 «Сыщеджа еджапIэр» зэкIуныгъэ псалъэ зэпхар згъэкIуэныгъэ зэпхыкIэкIэ зэхъуэкI, псалъэ зэпха къэбгъуэтар тхы

Жэуапыр:___________________________

8 14—нэ псалъэухам и грамматическэ лъабжьэр къэгъуэт.

Жэуапыр: _____________________________________

9 14 - 17-нэ псалъэухахэм деепричастнэ обороту щыт обстоятельствэ пыщхьэхукIа зыхэт псалъэухам и номерыр тхы.

Жэуапыр _____________________________________

10 Илъабжьэмкlэ къыщыхьа псалъэухам хэт запятойхэр бжыгъэкIэ къэгъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщу вводнэ псалъэр къззэрыхэгъэща запятойхэм я номерхэр тхы.

Зауэр екIуэкI пэтми,[I] сэ сыщеджа къуажэ еджапIэр пщэдджыжьыкIуэрэ шэджэгъуакIуэрэ щыIэу мэлажьэ,[2] пэжщ,[3] егъэджакIуэ куэдхэр фронтым кIуащ,[4] абы къыхэкIыуи,[5] епщIанэ классхэм хэс еджакIуэ нэхъыжьхэр къыхашауэ пэщIэдзэ классхэм хэс сабийхэр ирырагъэгъаджэ.

Жэуапыр _____________________________________

11 I5-нэ псалъэухам грамматическэ лъабжьэу дапщэ иIэми къэгъэлъагъуэ.. Жэуапыр бжыгъэкIэ тхы.

Жэуапыр_____________________________________

12 20-26-нэ псалъэухахэм фразеологическэ оборот зыхэт псалъэухар къэгъуэт. Псалъэухам и номерыр тхы.

Жэуапыр_______________________________________

13 Укъызэджа текстым къыхэхауэ ищIагъым къыщыхьа псалъэухахэм хэт запятойхэр бжыгъэкIэ къэгъэлъэгъуащ. Псалъэуха зэхэлъ-зэпхам псалъэуха гуэдзэр пажэм къызэрыпэщIэхар къэзыгъэлъагъуэ запятойм и номерыр тхы.

**Ауэ зэман шынагъуэм и махуэ фIыцIэхэр нэхъ гъунэгъуу гурыму къэкIуэтэху[I], абы къыхь лъапсэрыхым егупсысу цIыхухэм щIадзэ,[2]абыкIэ зэгурыIуам хуэдэу,[3] пщыхьэщхьэхэм деж ахэр къуажэ советыр зыщIэс унэм и пщIантIэм щызэхуосхэр.**

Жэуапыр_____________________________________

14 14-19-нэ псалъэуахэм зэхэлъ-зэгъусэр дэтхэнэра? Псалъэухам и бжыгъэр (номерыр) тхы

Жэуапыр___________________________________

## III Iыхьэ

**ЕтIуанэ Iыхьэм къыщыхьа текстыр тегъэщIапIэ пщIыкIэрэ тхылъымпIэ напэ щхьэхуэм деж щытх сочиненэр. Сочиненэхэм щыщу птхынур I5,I, I5.2, I5,3-хэм щыщ зыщ. Птхыну къыхэпха сочиненэм и номерыр къэгъэлъагъуэ. Сочиненэр щыптхкIэ тегъэщIапIэ пщIы псалъэухахэм я номерхэр къэгъэлъагъуэ.**

15,1 «Бзэр цIыхухэр зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ Iэмэпсымэ къудейкъым, - иджыри зэрызихъумэж Iэмалщ». КъардэнгъущI Зырамыку и псалъэхэм щIэлъ гупсысэр къызэпкърыпхкIэрэ, уи жэуапыр зэрыгъэубыдын щьэкIэ, тхыгъэм щапхъитI къыхэхи тегъэщIапIэ иIэу сочиненэ-рассужденэ тхы. Щапхъэхэр къыщыпхькIэ бжыгъэкIэ псалъэухар едапщанэу къэкIуами (номерыр) къэгъэлъагъуэ е цитатэхэр уи тхыгъэм къыщыгъэсэбэп.
Лэжьыгъэр научнэ е публицистическэ стилкIэ птхы хъунущ.
Сочиненэм и инагъэр псалъэ 70 нэхърэ нэхъ мащIэ хъу хъунукъым.
Укъызэджа текстыр щIэгъэкъуэн умыщIамэ, сочиненэр къапщытэнукъым. Езым уи гупсысэ, уи Iуэху еплъыкIэ хэмыту текстыр къэпIуэтэжмэ е зэрыщытым хуэдэу тептхыкIмэ, балл къэпхьынукъым.
Сочиненэр къабзэу, хъэтI дахэкIэ тхы.

15,2 Сочиненэ рассужденэ тхын. Дауэ уэ къызэрыбгурыIуэр текстым и кIэр зэриух псалъэухар **«Жэщыку нэсыху си анэм и псалъэмакъыр увыIакъым, Iэджэми я щхьэфэ иIэбащ, и Iуэху хэльми хэмылъми къимыгъанэу»**
Уи жэуапыр зэрыгъэубыдын щхьэкIэ, тхыгъэм щапхъитI къыхэхи тегъэщIапIэ иIэу сочиненэ-рассужденэ тхы. Щапхъэхэр къыщыпхькIэ бжыгъэкIэ псалъэухар едапщанэу къэкIуами (номерыр) къэгъэлъагъуэ е цитатэхэр уи тхыгъэм къыщыгъэсэбэп.
Лэжьыгъэр научнэ е публицистическэ стилкIэ птхы хъунущ.
Сочиненэм и инагъэр псалъэ 70 нэхърэ нэхъ мащIэ хъу хъунукъым.

Укъызэджа текстыр щIэгъэкъуэн умыщIамэ, сочиненэр къапщытэнукъым. Езым уи гупсысэ, уи Iуэху еплъыкIэ хэмыту текстыр къэпIуэтэжмэ е зэрыщытым хуэдэу тептхыкIмэ, балл къэпхьынукъым.
Сочиненэр къабзэу, хъэтI дахэкIэ тхы.

15,3

Дауэ уэ къызэрыбгурыIуэр **«зэман шынагъуэм и махуэ фIыцIэхэр»** псалъэ зэпхам къикIыр? Ар къызэрыбгурыIуэр къигъэлъагъуэу сочиненэ-рассужденэ тхы. Ар къызэрыбгурыIуэр щапхъэкIэ къэгъэлъагъуэ (щапхъитI-щы къэхь)
Зыр укъызэджа текстым къыхэпхпауэ, адрейр гъащIэм къыщыхъуауэ..
Лэжьыгъэр научнэ е публицистическэ стилкIэ птхы хъунущ.
Сочиненэм и инагъэр псалъэ 70 нэхърэ нэхъ мащIэ хъу хъунукъым.
Укъызэджа текстыр щIэгъэкъуэн умыщIамэ, сочиненэр къапщытэнукъым. Езым уи гупсысэ, уи Iуэху еплъыкIэ хэмыту текстыр къэпIуэтэжмэ е зэрыщытым хуэдэу тептхыкIмэ, балл къэпхьынукъым. Сочиненэр къабзэу, хъэтI дахэкIэ тхы.

Зэдэ1уэну текстыр

**Адыгэшымрэ адыгэлIымрэ.**

ИгъащIэм зэрыхабзэщи, шы ягъасэм лъэкI къигъанэркъым къытетIысхьар зытридзыжыну, ауэ абы къытетIысхьар цIыхущи, къыхуедзыхыжыркъым, икIэм икIэжым шыр IумпIафIэ мэхъу, масэ. Адыгэми уанэгур игъуэтмэ, дуней псор езым ейщ. Абы и къарур тIощIкIэ нэъыбэ мэхъу, и лъыр зэщIоплъэ, гъуэгуанэм хуэплъэ зэпытщ. ШыфI зиIэ адыгэ (шыфI имыIэмэ, ар адыгэ сытми!) пщIантIэм пхудэсынукъым, гуп уэршэр пхухэтынукъым, абы игури псэри гъуэгум етащ, ежьэнущ, зекIуэ кIуэнущ, иджыри къэс и шу лъэужь къыщимыгъэна щIыпIэ пхыдзахэм зыкъыщигъэлъэгъуэн хуейщ, и шым и зэфIэкI къипщытэну, езым и лIыгъэр игъэунэхуну. «ЛIы къэрабгъэ гъусэ умыщI, шы кIуэрнэпцI умышэс», - жаIэрейт адыгэхэм.

ЛIы къэрабгъэр адыгэм и ажалт. Апхуэдэ мыхъун папщIэ, щIалэ цIыкIур щысабийм деж къыщыщIэдзауэ лIыгъэм хурагъасэрт, жэщ кIыфIым мэждыт бжэIупэм, унэ бгынэжам, пабжьэ кIырым пыIэжь, къамышы хуэдэхэр халъхьэрти, сабийм къыхрагъэхыжырт. Япэ кIуэгъуэм балигъ гъусэ

хуащIырт, а щIыпIэм шынагъуэ зэрыщымыIэр сабийм и фIэщ хъун щхьэкIэ. Апхуэдэурэ щIалэр илъэс пщыкIутху-пщыкIухым щынэсым, шынэн дэнэ къэна, нэхъыщIэхэр лIыгъэм хуигъасэу къэхъурт.

Шы цIахуцIэм тесыф зэрыхъуу, щIалэ цIыкIум и къалэныр нэхъ гугъуж хъурт, лIыгъэ пхэлъми, умышыуеймэ бийм уанэгум укъызэрыридзынур къыгурагъаIуэрт. Абы и закъуэтэкъым. Шым тесым шхумылакIэмкIэ здыхуеймкIэ игъэIурыщIэу, зэрыригъасэм ещхьыркъабзэу, иригъэсэн хуейт и куэпкъитIым къедаIуэу, и Iэпкълъэпкъым щыщ игъэхъеямэ, тесыр зыхуейр шым къыгурыIуэу.

(псалъэу 166)